



Pou Piblikasyon Imedya: 03/03/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEPARTMAN VEYIKIL A MOTÈ A FÈ KONSOMATÈ
YO EKONOMIZE PLIS KE 13.6 MILYON DOLA NAN VEYIKIL YO TE VÒLÈ, TIT,
PYÈS AK SÈVIS**

Yo te rekipere plis pase 384 machin yo te vòlè an 2025 ki vo 10.4 milyon dola

3.2 milyon dola anplis rekipere nan tit, reparasyon ak ranbousman

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke DMV a te ede Nouyòkè yo rekipere plis pase 13.6 milyon dola nan veyikil, tit, pyès ak sèvis yo te vòlè pandan ane 2025 la. Chif sa a se yon ogmantasyon parapò ak 11 milyon dola an 2024. Rekiperasyon sa yo ede kraze vòl machin òganize ak operasyon fwod ki pran avantaj sou Nouyòkè yo.

"Lè y ap twonpe konsomatè yo, Nouyòk ap kanpe pou yo epi konbat move aktè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pifò atelye reparasyon oto ak konsesyonè nan eta nou an fè yon travay ekselan, men lè gen fwod oswa vòl, gouvènman eta a ap fè tout sa ki nan pouvwa li pou fè bagay yo mache byen. DMV a fè pi plis pase sa anpil Nouyòkè reyalize, e sa a se yon bon egzanp sou travay y ap fè chak jou pou pwoteje konsomatè yo."

Gouvènè Hochul te bay priyorite pou [pran mezi kont vòl machin](#). Gouvènè a te fè rediksyon pri asirans oto vin yon pati enpòtan nan ajanda 2026 li a tou. Jodi a, Nouyòkè yo peye pami pi gwo pri asirans oto nan peyi a. Machin yo vòlè ak fwod òganize se de faktè ki lakòz ogmantasyon pri sa yo. Lè l avanse ak refòm ki gen bon sans, pwopozisyon Gouvènè Hochul la pral fè lari Nouyòk yo pi an sekirite epi l ap pote soulajman yo bezwen pou plizyè milyon chofè. Aprann plis bagay sou [inisyativ Gouvènè a](#).

Komisè DMV a, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Anplwaye nou yo ak lidèchip nou yo fyè anpil de travay y ap fè pou ede konsomatè yo. Si yo vann ou yon 'lemon' (yon machin ki gen yon gwo defo kache), si yo fè yon move reparasyon pou ou, oswa si yo pa ba ou tit (titi) yon machin ou achte, ekip nou an ka ede w. Nou eseye rezoud diferans ki genyen ant kliyan yo ak biznis yo an premye, men nou pap ezite sèvi ak zouti aplikasyon nou yo pou pwoteje konsomatè yo jan sa nesèsè."

Kòm yon pati nan atansyon li sou abòdablite pou tout Nouyòkè yo ak pou l konbat ogmantasyon pri asirans oto, Gouvènè Hochul ap relanse Komisyon Prevansyon Vòl ak

Fwod Asirans Veyikil ak Motè Eta Nouyòk la. Kòm yon pati nan konsèy sa a, DMV pral fè patenarya ak lòt ajans ak moun ki gen enterè nan endistri a pou aplike nouvo apwòch pou limite vòl machin epi anpeche fwod pou diminye pri asirans pou plizyè milyon Nouyòkè.

Ajans lan te rekipere 384 machin yo vòlè ki vo plis pase 10.4 milyon dola ak 18 lòt pyès yo vòlè ki vo 76,778 dola. Yo raple Nouyòkè yo pou yo [fè atansyon ak lavant machin sou entènèt](#) sou Facebook Marketplace, Craigslist ak lòt sit entènèt ki menm jan an. Souvan, machin sa yo gen Nimewo Idantifikasyon Veyikil (Vehicle Identification Numbers, VIN) ki modifiye epi yo gen tit ki fo, sa ki kite viktim inosan yo san lajan epi san machin lè yo aprann yo te achte yon machin yo vòlè san yo pa t konnen.

Anplis de sa, DMV a te ede 604 konsomatè rekipere tit machin, sèvis ak ranbousman ki vo plis pase 3.2 milyon dola nan men konsesyonè oto ak atelye reparasyon malonèt yo.

Aprè investigasyon sou plent konsomatè yo, DMV te pran mezi kont konsesyonè oto ak atelye reparasyon ki vann veyikil san yo pa divilge dofo enpòtan yo bay achtè a, pakse yo chaje konsomatè yo pou reparasyon ki pa te janm fini, oswa ki te fèt mal, oswa ki chaje konsomatè yo pou reparasyon yo pa te bezwen. Atravè travay sa a, DMV te ede 538 konsomatè rekipere yon valè total 1,604,460 dola nan men konsesyonè ak atelye reparasyon yo. Detay la gen ladan 882,131 dola an ranbousman, 459,979 dola an machin ke yo te rachte, ak 252,655 dola an travay ki te refè.

DMV a te ede Nouyòkè yo tou lè konsesyonè machin yo te fèmen bridsoukou oswa yo pa t bay konsomatè yo tit machin. DMV te rekipere 66 tit ki totalize 1,589,983 dola. San yon tit, yon pwopriyete veyikil pa kapab transfere pwopriyete, retire yon privilèj oswa bay prèv pwopriyete nesèsè pou pran yon prè sou veyikil la oswa depoze yon reklamasyon asirans.

DMV a ankouraje konsomatè yo pou yo fè biznis sèlman ak konsesyonè ak atelye reparasyon ki anrejistre. Ni konsesyonè yo ni atelye reparasyon yo oblije gen yon pankat sou deyò bilding yo pou avize piblik la ke yo anrejistre nan DMV a. Pankat sa yo dwe genyen nimewo etablisman DMV a tou. Pankat atelye reparasyon an vèt ak lèt blan. Pankat pou konsesyonè an wouj ak lèt blan.

Kliyan ki kwè yo te fè fas ak akizasyon ki pa jis oswa move travay ka [depoze yon plent](#) kont yon biznis ki anba règleman DMV.

Pou biznis yo, DMV bay enfòmasyon sou dwa yo si yo fè fas ak yon plent nan [Gid pou Enstalasyon yo](#). DMV bay [gid tou lè w ap mennen yon veyikil pou fè reparasyon](#).

Gen [yon gid sou entènèt pou jwenn yon biznis ki reglemante pa DMV](#) ki disponib tou sou sitwèb DMV a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)